- Къулыкъу щыпщIэнур

● КIэщI дыдэу

Ипщэ щIыналъэм щыхъыбархэр

◆ Осетие Ищхъэрэм щеКIуэКIащ Владикавказ «Зауэ щIыхьым и ныкъо» цIэ лъапIэр кьыззэрыфIащам теухуа зэхуэсхэр, концертхэр, парад, зыхэзгъкIыпIэ Iэджэхэр дзгъэуеиныр, къуэшыкхъэхэм, сэлэт фэеплъ щхьэхуэхэм уда гъэгъахэр бгъэдэлъхьэныр, нэгъуэщIхэри екIуэкIащ.

◆ Хабзэхъумэхэм Волгодонск кьалэм икIэм-икIэжым щаубыдащ къуэщIауэ кьалъхьхъуэ щIэнхьаджашIэр, цIыху лажьэнщэу бгъу зыщIащ къуэкIалъхьхъуэ щIэнхьаджашIэр, цIыху лажьэнщэу бгъу зыщIэщ-кIуэда лIыкIыр, «Юдик» цIэ лейр зезыхьэр. Иджы къэпIыкIыпIэ хъунущ, ар зи пашэу щыта гупым кIэ игъуэтауэ - хъунщIакIуэ псори лъэхъуэщым ирадзащ.

◆ Мэхъэчкьалэ и уэрамэхэм ящыщ щым щызэжьэхуэат автомашинэ псынщIэу («Жигули» жыIуэIэм хуэдэу) тIу. Абы хэкIуэдащ щIалий. Фэбжьышхуэ игъуэтащ абы-хэм я гъуэса Гасановэ Оксани. Хъыджэбзыр сымаджэщым щIэлъщ, хьэпIэ дыдэу.

◆ Къэзакъыу 800 хуэдиз хэтащ Кубаным и кьалащхьэм щекIуэкIа зэхуэсым. Абы доклад щиIащ къэзакъыдзэм и атаману щыта Громов Владимир. Къызэхуэсахэм зыхуигъазэри, крайм и губернатор Ткачев Александр псалъэ ятащ. Фэбжьышхуэ игъуэтащ абы-хэм я гъуэса Гасановэ Оксани. Хъыджэбзыр сымаджэщым щIэлъщ, хьэпIэ дыдэу.

◆ Къэзакъыу 800 хуэдиз хэтащ Кубаным и кьалащхьэм щекIуэкIа зэхуэсым. Абы доклад щиIащ къэзакъыдзэм и атаману щыта Громов Владимир. Къызэхуэсахэм зыхуигъазэри, крайм и губернатор Ткачев Александр псалъэ ятащ. Къэзакъхэм я мылъкум хэзыдгъэкIа яхухигъэхъэну, кIэдет корпус кьахуэзригъэпщыну, сыт и лъэныкъуэкIи защIигъэхъэну. Зэхуэсым хэтахэм яхъуэжащ я унафэщIу щытар. Атаман кьулыкъур лъагъэсащ крайм и губернаторым и къуэдзэу лэжьа Долудэ Николай.

◆ Ставрополь кьалэм кьыщапщытэжащ мы гъэм мэкъумэшыщIэхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэр. Аэр гъуэзэджэщ: крайм гуэдзу кьыщрахьэлIащ тонн мелуаниблым щIигъу. ЕкъулIэныгъэфI яIащ Iэщыхьэхэм: хагъэхъуащ Iэщу зэрахуэм я бжьыгъэм, хьэру кьыпахьм. Зэхуэсым хэтахэм ящыщ куэдым («Терновский» колхозым и тхьэмадэ Богачев Иван, Пятигорск дэт «ЩIыIэ» заводым и унафэщI Соломкэ Виктор, Ставрополь аграрнэ университетым и ректор Трухачев Владимир, нэгъуэщIхэми) «Ставрополь крайм и лIыхъужь» цIэ лъапIэр фIащащ.

«Северный Кавказ» газет.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьазырыгъэр ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

● Щэхуэхэр нахуэ мэхъу

ТIасхъэщIэххэр къызэраубыдыр

Мы зэманым Урысейм щолажьэ тIасхъэщIэх гупу пщIы зыбжанэ

«Аргументы и факты» газетым и редактор нэхъыщхьэ Затыков Николай йопсалъэ УФ-м и ФСБ-м и упрафэщI, армэм и генерал Патрушев Николай.

- Николай Платонович, сыт нужрейт зэманым хамэ къэралхэм я тIасхъэщIэхэр нэхь жыщIэр щIэхъуар? Сыт ахэр нэхъ зыхуущIэкъур?

- Урысейм и тIасхъэр щIэзыхэр сытым щыгъуи яхуэзэфIэкI кьамыгъанэу хуэщокъу ди Iуэху зытетхэр кьызэрахутэжьи, фIыр зэрагъэнIэнэным. Псалъэм папщIэ, зэрагъэбзэгъэным. Нэхъыбэу зытелажьэр ди къэралым и политикэ, экономикэ, социальнэ гъащIэр, унафэщIхэм я IуэхущIафэхэр, лъэпкъ зэхущытыкIэхэр зыхуэдэр кьыззэращIэныгъэ. Псом хуэмыдэу нэхъ зэщIакIуэр зауэ зэуIуэхущIэхэр, ядер, ракетэ, нэгъуэщI Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыщIахьумэ щIыпIэхэр, зэрахьумэ щIыкIэхэр убзыхуныщ. Гу зылъытатхэщ ди къэралыр зэпкьрыкIудыным, лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зэуштыным егупIу тIасхъэщIэх Iуэхущ-щIапIэхэр зэрыщIэр.

Апхуэдэ Iуэхущ-щIапIэхэр нэхъыбэу зыгъэхъэзырхэр НАТО зэрызэныгъэм хэтыкъуэрдзэхэщ. Псалъэм папщIэ, мурад мыщхьэпэ Iэ джэ кьыгъуэIэщ Великобританием, Тыркуем, Пакистаным щыIэ тIасхъэщIэх Iуэхущ-щIапIэхэм. Абыхэм нэхъ-нэхъыбIу пхужьыкIыным Балтикэ кьэрралхэм, Польшэм, Курджым кьыщыззэрагъэпэща гуп щхьэхуэхэри.

- Си щхьэкIэ согъэщIагъуэ ди кьэралым и бий тIасхъэщIэхэхэр Прибалтикэм, Польшэм, Курджым щыщIэхьуар?

- Абы гъэщIэгъуэну зыри хэлъкъым. США-мрэ Великобританиемрэ я унафэм щIэтхьаущи, а къэралхэм ялэжьын хуей мэхъу я лъэпкъхэм я сэбэп зыхэмылъ Iэхущ-щIапIэхэр. Псалъэм папщIэ, кьаубыд урыс IэщIагъэлI, щIэныгъэлI, кьулыкъузехьэ гупхэр, ахьшэкIэ е нэгъуэщI IэмалхэмкIэ кьыдахьэх, я гупхэм зыхэашэ, зыхуейр кьаращIэныгъэ ягъэлажьэ.

- Мыдэ-мыдIэу зэхэсхащ британ тIасхъэщIэхэхэм я мурадхэр кьашемыхьулIа, я щэхуэхэр нахуэ кьышыхьуа къэхуэуэ.

- Британ тIасхъэщIэхэхэм сыт хуэдэ Iэмалри кьагъэсебэп, я мурадхэр зрагъэхьулIэн щхьэкIэ. Къэбгъэльагъуэмэ, Iулыхь я куэд ят, ягъэшынэ цIыху щхьэхуэхэр, щIэпхъажьагъэ зыIэкжьауэ кьахутаэхэр ягъэгуфэ хабэзэхьумэхэм Iэрамыгъэхьэнну. ГъэщIагъэ кIэ зыхащIахэм, щагъэуахэм, зи Хэкум епщыжьахэм яхэтщ къулыкъушхуэ пэрытахэр. Апхуэдэт ди къэралым и зауэ разведкэм, МИД-м, нэгъуэщI IэнатIэхэм щылэжьакъуэ Скрипаль, Обухов, Гордиевский, Жарко, нэгъуэщIхэри. Ауэ епщыжакIуэ мыхьхуэри мащIэкъым. Абыхэм я фIыщIкIэ бий тIасхъэщIэххэм ящыщ зыкьомиг гува-щIэхами наIуэ кьохьу.

- ФСБ-м къегъэщыIа Iуэхущ-щIапIэу бий тIасхъэщIэх-хэм япэщIэтхэр, «контрразведкэ»-кIэ фIыззэрэхэхэр, сыт хуэдэхэра?

- Аэр зыкъом мэхъу. Апхуэдэщ, къэбгъэльагъуэмэ, Контрразведкэ Iуэхущ-щIапIэр, Экономикэ щынагъуэщIагъэм телажьэр, зауэ тIасхъэщIэхэхэм я департаментыр, ЦIыхухэм я шинагъуэншагъэр кьыззэзыгъэпэщ управленэр, нэгъуэщIхэри.

- Фи лэжьыгъэм кьрикIуахэм ящыщ гуэрхэм щыгуаззэ дыпщIыфынт?

- Иужьрей ильэсиплым кьриубыдэу хамэ къэралхэм кьикIа тIасхъэщIэхьу 70, абыхэм жыджэру яхуэлажьэ ди хэкуэгъуу 35-рэ, кьулыкъузехьэ зэмылIэужьыгъуэу 270-рэ кьэдубыдащ. Ахэр (Сыпачев, Думенков, Смаль, Белошапкин, Запорожский, нэгъуэщIхэри) лъэхъуащхьэм ирадзащ, мы зэманым нэгъуэщI зыбжанэми я Iуэхущ-щIапIэ зэхагъэкI.

- Хамэ къэралхэм кьыкIыурэ «кьитхуеблагъэ»: тIасхъэщIэхэхэм сыт хуэдэ Iэмэпсымэхэр кьагъэсэбэпрэ?

- Хьилагъэ Iэдж щызэрахьэ Интернетым, связым и Iуэхущ-щIапIэхэм. Кьэдрэ кьагъэсэбэп компьютерхэри. Иджыблагъэ кьэдубыда британ тIасхъэщIэкъым кьыкьуэтхащ аккумулятор батареем зи тепIэкIэ ещхьыркъабзэ компьютер щыкIуниитI, мобильнэ телефоным и кьалэнхэр игъэзащIэу, лъэужь гуэри и дискым кьыт емынэу, ущхьыуфи деж «зигъэкъэбзэжьфу».

- Хамэ къэралхэм тIасхъэщIэхэхэм ядэIэпыкъуу жаIэ «неправильственнэ организацэхэр» зэджэхэри.

- Ари пэжщ. Щапхъэу кьэпхъ хьунущ а Iэмалыр тIасхъэщIэххэм куэдрэ кьыззэрыщагъэсебэпар «революцэ зэмыфэгъэхэр» кьыщыхьуа щIыпIэхэм - Украинэм, Югославиеу щыта кьэралыгъуэм, Курджым, нэгъуэщI щIыналъэхэмри.

- Мы зэманым мыхьэнэншхуэ пIэщ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я тIасхъэщIэхэр терроризмэм ебэныныкIэ зэдэIэпыкъуныр. А Iуэхум я уз дауэ уэзрепIыр?

- Пэжщ, терроризмэр къэралым псом я дежкIи щынагъуэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, зэдэIэпыкъупхэщ тIасхъэщIэхэхэри. Икiи зэщIэныкъуэ. Псалъэм папщIэ, ди Iуэхущ-щIапIэм пыщIэныгъэфIэр яхуиIэщ спецIу зэхущIапIэ куэдым - къэрал 53-м я лIыкIуэхэм.

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Сыт хамэ сабийхэр нэхъыфIу щIэтлъагъур?

Совет лъэхъэнэм зауэм хэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ чэзуэнщэу тыкуэнхэм щыщахуэрт. А хабзэ хъарзынэр нобэ щымыIэжу ара?

Быстров А., *Москва.*

Къэрал Думэм ветеранхэм я Iуэ хуэмкIэ Комитетым къыззэрыщыджаIамкIэ, Хэку зауэшхуэм хэтахэм, япэ, етIуанэ гупхэм хиубыдэ ныкъуэдыкъуэхэм дапщэщи гулъытэ хэха яхуэзщIыпхъэщ. Псом хуэмыдэу нэхъыжьхэм хуащIэ Iуэхутхьабзэхэм я фIагъым егуГупхэщ сатум, связым, щэнхабзэм, узыншагъэм, транспортым я лэжьакIуэхэр.

«Ауэ куэдым яIэщIогъупщкIи я кьалэнхэри, хабзэ я нэхъыфIхэри, - жеIэ Къэрал Думэм и депутат, Совет Союзым и ЛIыхъужь Варенников Валентин. - Нэхъыжьхэр, зауэм хэтахэр, ныкъуэдыкъуэхэр чэзу инхэм хагъэ тщI. Ар емыкIыщхуэщI».

Зэрая уатэмкIэ, цIыху куэд зыукIа маньяк Пичушкиным къуэ нIэщ. Ар и адэм ещхь мыхъуну пIэрэ?

Востриковэ С., *Приморск.*

УпщIэм жэуап кьрет психолог щэрыпуэ Воедилов Дмитрий:

- ГъэсэныгъэкIэ пхуэмыгъэзэкIуэк хьэл-щэн мыхьэмыщIэхэр щыIэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, тэмакъкIэщIагъыр, гукъыдэжьинщагъэр, гущIэгъуншагъэр, нэгъуэщIхэри. Куэд елытащ адэ-анэр, егъэджакIуэхэр, ныбжьэгъу-жэрэгъуэхэр сабийм кьыззэрыхущытми. Ауэ адэ мыхъумщIэм и щапхъэр быным щIэзхилъхьи куэдрэ кьэкъу (абы и щхьэусыгъуэр зэкIэ щIэныгъэм хуэфэныхьауэ).

Фадэ ефэр куэдщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, арыкъэм и уаэсрэ сыт кьыщыззэтрамыгъэувыIэр, щIакхъуэ уаэсм ещхьу?

Королев Д., *Архангельск.*

«ДызыхуэкIуэ щIыщыIэ мазэм арыкъэм и уаэср зэхъуэнущ сими 7 - 8 хуэдизкIэ, - жеIэ фадэ зыщIэхэм я Союзым и пресс-секретарь Дробиз Вадим, - фадэр Iэмал имыIэу цIыхур зыхуэя ерыскъыгъуэхэм ящыщу къэрал унафэщIэхэм зэи кьалытатэныкъым».

Американ медардырыбжэ Трамп Д. къеДыгъэ Буш Джорджь США-м и президенту щыта псомэ я нэхъыкIэу. Американхэм ящыщ куэдыр мэтхъэусыхэ, «доллар и уаэср ящхьэ, хуэныбжьэгъэ кьыззтеувыщащ, ди къэралыр «щыкIуэщIрыхуаш» Иракым - жаIэуэр. Пэж дыдэу пIэрэ а къэралым и Iуэхуэр мыщIагъэр, хьэмэрэ щIы яупсурэ дагъэбзэрыгъэр?

Любомиров О., *Саратов.*

Дунейпсо шынагъэншагъэм телажьэу США-м щыIэ институтым и урысей программэхэм я унафэщI Злобин Николай жеIэ:

- Мы къэралым исхэм кьафIыIэуэщхьэкъым доллар уаэср ехуэхьми, дзуеймИ. Сыт щхьэкIэ? Ерыскъыкъэмрэ хъэпшыпхэмрэ (уеблэмэ бензинмэ) я уаэсхэм захъуэжьыркъыми. Долларыр пуд зэрыхъур США-м и экономикэм и дежкIэ фейдэуэ кьэпIытэ хьунущ, ар хъэпшыпхэмрэ ерыскъыкъэмрэ я фIагъыр хэхуэным хуощхьэпэри.

ТхакIуэ Проханов Александр Iуэхум зэрепIыр нэгъуэщIущ:

- Дауи, нэхъыкIэ мэхъу Америкэм и Iуэхуэр. Ар дэнэкIи щыдакъуэзу щIадзащ, Европэм и щIыпIэ зыбжанэм ирахужащ. Азиеми я кIэныр кьыщикIыркъым. ИлъэсипщI хуэдизкIэ а къэралым и пъэщагъэ щытар кьанэ щIагъуэ щымыIэу фIэкIуэдынущ...

«Война и мир» сериалым сепIъащи, сызэгуоп: сыт хамэ къэрал режиссерхэм урыс литературэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм кино щытрахкIэ, ди лъэпкъым щыщ гуэрхэр чэнджэщэгъу щIамыщIыр. Сыт а тхыгъэхэр щыIэзIагъкъэр?

Гаманов Г., *Москва область.*

УпщIэм жэуап кьрет кулъгуролог, «Искусство кинож» журналым и редактор нэхъыщхьэ Дондурей Даниил:

- Хамэ къэрал режиссерхэм ди цIыхуэр ягъэльэгъэну хуейщ мыхъумыщIэуи, ар зрагъэхьуIэ. Нэхъыбэу ахэр зэгупсысыр зыщ - ахъшэ куэд кьыззэралэжьыныр. Ди лъэпкъ чэнджэщэгъуэхэр сыт абыхэм зэребгъэщIынур? Хамэ режиссерхэм фIыуэ ящIэ ялэжьыпхъэхэр. ИкIи ялэжь тхыдэри, хабзэхэри, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэри зэхагъэзэрыхьрэ.

Иджыблагъэ телевиденэм кьитащ Урысейр Африкэм и сабийхэм дэIэпыкъуну зэрыхущIэкъур, абыхэм доллар мелуан 20 тыгъуэ зэрахущIынур. Ар дауэ кьыззэрыбгурыIуэнщ? Сыт ди сабий сымаджэхэр дэIэпыкъузэрыщIэу кьэдгъэнаут, хамэ къэрал сабийхэм дашIыхуэунсэр? Сыт нэгъуэщIхэр нэхъыфIу щIэтлъагъур?

Гпусэ Л., *Выборг.*

Политикэ, экономикэ IэнатIэ хэкIа Акентэвым и унафэщI нэхъыщхьэ Орлов Дмитрий жеIэ:

- Урысейр хущIокIуэ Дунейпсо финанс сист емэм хыхьэну. Абы хуэунэтIащ африкан сабий сымаджэхэм ярит дэIэпыкъуныгъэр.

Ди сабий сымаджэхэм я гугъу пщIымэ, пщы хэмыльу, абыхэм яхурикъун ахъшэ къэралым и бюджетым кьыхигъэкIыфыркъым. Уеблэмэ зэкIэ бедэлыкъыкIым сабий сымаджэхэм я бжьыгъэмэ аэр зыхуеину хущхьэхэр зыхуэдизымрэ.

Редакцэм кьыбгъэщIэкIыу: ГъэщIэгъуэнщ: Урысей сабийхэр зыхуэныкъуэхэр зыхуэдизыр зэIубзкъым, ауэ африканхэр зыщIэлъэIуэхэр хьэзыру диIэщ!

«Аргументы и факты», «Аргументы недели», «Труд-7» газетхэм кьитхыжащ.

● Бжьыхьэ дэкIыгъуэ

Дзэ къулыкъум ираджэ

МЫГЪЭРЕЙ бжьыхьэм дзэ къулыкъум ираджэнущ щIалэгъуалэм щыщу 132350-рэ. Абихъм кьаппщытщ ильэсрэ ныкъыкIэ дзэм хэтыну. ДызыхуэкIуэ ильэсым щегъэжьауэ щIалэхэм къулыкъу зэращIэнур къэзыгъэгъуэщи, яхуэзфIэкIынкъым. Сыт щхьэкIэ? ДэкIынуэр мащIэ хъунущи.

...Москва и Тушинэ районым и военкоматыщ. Военком Жареников Николай зэрыжиIэмкIэ, мы гъэм Iуэхуэр хьарзынэу йокIуэкI. Ауэ шыпагъэ щыIэщ ильэс-ильэситI дэкIмэ, бгъуитI гъэхэм кьалъхуахэр дзэ къулыкъум щрадгэжьI, гугъуехь Iэдж кьыкъуэкIынкIэ. Сыт щхьэкIэ? ДэкIынуэр мащIэ хъунущи.

- Скирко Юрий, - жеIэ пэшым къыщIыхьа щIалэщIэм.

Ау къэзэпIыхьри, комиссиэм хэт дохутыр нэхъыбэм, арэзыуэ, и щхьэр ещI:

- Хьэбгъэхьэ хъунущ «А» гупым.

Абы кьыкIыр Скирко хабзэхьэмэхэми, спецназми, хыдзэлIхэми зэрыхэтыфынурщ.

- IэщIагъэ уиIэ? - щIоупщIэ военкомыр.

- СиIэщ. Авиацэ техникум къэзхащ. Автомобиль зезгъэкIуэнуи схуэзэфIэкIынущ, абыкIэ тхьилъ сиIэщ.

- Къулыкъу щыпщIэнур лъэсырыкIуэ дзэхэщ. Ди гуапэщ екъулыкъум ирадгэнущ щIалэгъуалэм щыщу 132350-рэ. Абихъм кьаппщытщ ильэсрэ ныкъыкIэ дзэм хэтыну. ДызыхуэкIуэ ильэсым щегъэжьауэ щIалэхэм къулыкъу зэращIэнур къэзыгъэгъуэщи, яхуэзфIэкIынкъым.

...Москва и Тушинэ районым и военкоматыщ. Военком Жареников Николай зэрыжиIэмкIэ, мы гъэм Iуэхуэр хьарзынэу йокIуэкI. Ауэ шыпагъэ щыIэщ ильэс-ильэситI дэкIмэ, бгъуитI гъэхэм кьалъхуахэр дзэ къулыкъум щрадгэжьI, гугъуехь Iэдж кьыкъуэкIынкIэ. Сыт щхьэкIэ? ДэкIынуэр мащIэ хъунущи.

- Скирко Юрий, - жеIэ пэшым къыщIыхьа щIалэщIэм.

Ау къэзэпIыхьри, комиссиэм хэт дохутыр нэхъыбэм, арэзыуэ, и щхьэр ещI:

- Хьэбгъэхьэ хъунущ «А» гупым.

Абы кьыкIыр Скирко хабзэхьэмэхэми, спецназми, хыдзэлIхэми зэрыхэтыфынурщ.

- IэщIагъэ уиIэ? - щIоупщIэ военкомыр.

- СиIэщ. Авиацэ техникум къэзхащ. Автомобиль зезгъэкIуэнуи схуэзэфIэкIынущ, абыкIэ тхьилъ сиIэщ.

- Къулыкъу щыпщIэнур

● КIэщI дыдэу

Ипщэ щIыналъэм щыхъыбархэр

◆ Осетие Ищхъэрэм щеКIуэКIащ Владикавказ «Зауэ щIыхьым и ныкъо» цIэ лъапIэр кьыззэрыфIащам теухуа зэхуэсхэр, концертхэр, парад, зыхэзгъкIыпIэ Iэдж кьэгъэуеиныр, къуэшыкхъэхэм, сэлэт фэеплъ щхьэхуэхэм уда гъэгъахэр бгъэдэлъхьэныр, нэгъуэщIхэри екIуэкIащ.

◆ Хабзэхъумэхэм Волгодонск кьалэм икIэм-икIэжым щаубыдащ къуэщIауэ кьалъхьхъуэ щIэнхьаджашIэр, цIыху лажьэнщэу бгъу зыщIащ къуэкIалъхьхъуэ щIэнхьаджашIэр, цIыху лажьэнщэу бгъу зыщIэщ-кIуэда лIыкIыр, «Юдик» цIэ лейр зезыхьэр. Иджы къэпIыкIыпIэ хъунущ, ар зи пашэу щыта гупым кIэ игъуэтауэ - хъунщIакIуэ псори лъэхъуэщым ирадзащ.

◆ Мэхъэчкьалэ и уэрамэхэм ящыщ щым щызэжьэхуэат автомашинэ псынщIэу («Жигули» жыIуэIэм хуэдэу) тIу. Абы хэкIуэдащ щIалий. Фэбжьышхуэ игъуэтащ абы-хэм я гъуэса Гасановэ Оксани. Хъыджэбзыр сымаджэщым щIэлъщ, хьэпIэ дыдэу.

◆ Къэзакъыу 800 хуэдиз хэтащ Кубаным и кьалащхьэм щекIуэкIа зэхуэсым. Абы доклад щиIащ къэзакъыдзэм и атаману щыта Громов Владимир. Къызэхуэсахэм зыхуигъазэри, крайм и губернатор Ткачев Александр псалъэ ятащ. Къэзакъхэм я мылъкум хэзыдгъэкIа яхухигъэхъэну, кIэдет корпус кьахуэзригъэпщыну, сыт и лъэныкъуэкIи защIигъэхъэну. Зэхуэсым хэтахэм яхъуэжащ я унафэщIу щытар. Атаман кьулыкъур лъагъэсащ крайм и губернаторым и къуэдзэу лэжьа Долудэ Николай.

◆ Ставрополь кьалэм кьыщапщытэжащ мы гъэм мэкъумэшыщIэхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэр. Аэр гъуэзэджэщ: крайм гуэдзу кьыщрахьэлIащ тонн мелуаниблым щIигъу. ЕкъулIэныгъэфI яIащ Iэщыхьэхэм: хагъэхъуащ Iэщу зэрахуэм я бжьыгъэм, хьэру кьыпахьм. Зэхуэсым хэтахэм ящыщ куэдым («Терновский» колхозым и тхьэмадэ Богачев Иван, Пятигорск дэт «ЩIыIэ» заводым и унафэщI Соломкэ Виктор, Ставрополь аграрнэ университетым и ректор Трухачев Владимир, нэгъуэщIхэми) «Ставрополь крайм и лIыхъужь» цIэ лъапIэр фIащащ.

«Северный Кавказ» газет.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьазырыгъэр ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

● Щэхуэхэр нахуэ мэхъу

ТIасхъэщIэххэр къызэраубыдыр

Мы зэманым Урысейм щолажьэ тIасхъэщIэх гупу пщIы зыбжанэ

«Аргументы и факты» газетым и редактор нэхъыщхьэ Затыков Николай йопсалъэ УФ-м и ФСБ-м и упрафэщI, армэм и генерал Патрушев Николай.

- Николай Платонович, сыт нужрейт зэманым хамэ къэралхэм я тIасхъэщIэхэр нэхъ жыщIэр щIэхъуар? Сыт ахэр нэхъ зыхуущIэкъур?

- Урысейм и тIасхъэр щIэзыхэр сытым щыгъуи яхуэзэфIэкI кьамыгъанэу хуэщокъу ди Iуэху зытетхэр кьыззэрахутэжьи, фIыр зэрагъэнIэнэным. Нэхъыбэу зытелажьэр ди къэралым и политикэ, экономикэ, социальнэ гъащIэр, унафэщIхэм я Iуэхущ-щIапIэхэр, зэрахьумэ щIыкIэхэр убзыхуныщ. Гу зылъытатхэщ ди къэралыр зэпкьрыкIудыным, лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зэуштыным егупIу тIасхъэщIэх Iуэхущ-щIапIэхэр зэрыщIэр.

Апхуэдэ Iуэхущ-щIапIэхэр нэхъыбэу зыгъэхъэзырхэр НАТО зэрызэныгъэм хэтыкъуэрдзэхэщ. Псалъэм папщIэ, мурад мыщхьэпэ Iэ джэ кьыгъуэIэщ Великобританием, Тыркуем, Пакистаным щыIэ тIасхъэщIэх Iуэхущ-щIапIэхэм. Абыхэм нэхъ-нэхъыбIу пхужьыкIыным Балтикэ кьэрралхэм, Польшэм, Курджым кьыщыззэрагъэпэща гуп щхьэхуэхэри.

- Си щхьэкIэ согъэщIагъуэ ди кьэралым и бий тIасхъэщIэхэхэр Прибалтикэм, Польшэм, Курджым щыщIэхьуар?

- Абы гъэщIэгъуэну зыри хэлъкъым. США-мрэ Великобританиемрэ я унафэм щIэтхьаущи, а къэралхэм ялэжьын хуей мэхъу я лъэпкъхэм я сэбэп зыхэмылъ Iэхущ-щIапIэхэр. Псалъэм папщIэ, кьаубыд урыс IэщIагъэлI, щIэныгъэлI, кьулыкъузехьэ гупхэр, ахьшэкIэ е нэгъуэщI IэмалхэмкIэ кьыдахьэх, я гупхэм зыхэашэ, зыхуейр кьращIэныгъэ ягъэлажьэ.

- Мыдэ-мыдIэу зэхэсхащ британ тIасхъэщIэхэхэм я мурадхэр кьашемыхьулIа, я щэхуэхэр нахуэ кьышыхьуа къэхуэуэ.

- Британ тIасхъэщIэхэхэм сыт хуэдэ Iэмалри кьагъэсебэп, я мурадхэр зрагъэхьулIэн щхьэкIэ. Къэбгъэльагъуэмэ, Iулыхь я куэд ят, ягъэшынэ цIыху щхьэхуэхэр, щIэпхъажьагъэ зыIэкжьауэ кьахутаэхэр ягъэгуфэ хабзэхьэмэхэм Iэрамыгъэхьэнну. ГъэщIагъэ кIэ зыхащIахэм, щагъэуахэм, зи Хэкум епщыжьахэм яхэтщ къулыкъушхуэ пэрытахэр. Апхуэдэт ди къэралым и зауэ разведкэм, МИД-м, нэгъуэщI IэнатIэхэм щылэжьакъуэ Скрипаль, Обухов, Гордиевский, Жарко, нэгъуэщIхэри. Ауэ епщыжакIуэ мыхьхуэри мащIэкъым. Абыхэм я фIыщIкIэ бий тIасхъэщIэххэм ящыщ зыкьомиг гува-щIэхами наIуэ кьохьу.

- ФСБ-м къегъэщыIа Iуэхущ-щIапIэу бий тIасхъэщIэх-хэм япэщIэтхэр, «контрразведкэ»-кIэ фIыззэрэхэхэр, сыт хуэдэхэра?

- Аэр зыкъом мэхъу. Апхуэдэщ, къэбгъэльагъуэмэ, Контрразведкэ Iуэхущ-щIапIэр, Экономикэ щынагъуэщIагъэм телажьэр, зауэ тIасхъэщIэхэхэм я департаментыр, ЦIыхухэм я шинагъуэншагъэр кьыззэзыгъэпэщ управленэр, нэгъуэщIхэри.

- Фи лэжьыгъэм кьрикIуахэм ящыщ гуэрхэм щыгуаззэ дыпщIыфынт?

- Иужьрей ильэсиплым кьриубыдэу хамэ къэралхэм кьикIа тIасхъэщIэхьу 70, абыхэм жыджэру яхуэлажьэ ди хэкуэгъуу 35-рэ, кьулыкъузехьэ зэмылIэужьыгъуэу 270-рэ кьэдубыдащ. Ахэр (Сыпачев, Думенков, Смаль, Белошапкин, Запорожский, нэгъуэщIхэри) лъэхъуащхьэм ирадзащ, мы зэманым нэгъуэщI зыбжанэми я Iуэхущ-щIапIэхэм. Кьэдрэ кьагъэсебэп компьютерхэри. Иджыблагъэ кьэдубыда британ тIасхъэщIэкъым кьыкьуэтхащ аккумулятор батареем зи тепIэкIэ ещхьыркъабзэ компьютер щыкIуниитI, мобильнэ телефоным и кьалэнхэр игъэзащIэу, лъэужь гуэри и дискым кьыт емынэу, ущхьыуфи деж «зигъэкъэбзэжьфу».

- Хамэ къэралхэм тIасхъэщIэхэхэм ядэIэпыкъуу жаIэ «неправильственнэ организацэхэр» зэджэхэри.

- Ари пэжщ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Ди псэлъэгъуэр

ВЭРЫКЪУЭ Владимир: ДыщIэгъуэзэн щыIэу къэслъытэркъым

Вэрыкъуэ Владимир Георгийкидзе и цIэр зэрихьэу Москва дэт геологие институтыр 1959 гъэм кьиуэщ. ИужькIэ ар Есэнтыгъу щыIэ комплексэ геологие экспедицэм и кIудамэу Къэбэрдей-Балькъэрым щылажьэм хэтащ. Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым ухуакIуэ IэщщагъэмкIэ факультет щыщыIэуаха нужь, Владимир абы щригъаджэн щIидзащ «Инженерная геология», «Механика грунтов, основания и фундаменты» дерсхэмкIэ. 1960 гъэм кьащыщIэдзащэ 2000 гъэ хьуэхуитIкIэ ар университетым щылажьащ кафедрэм и унафэщI, деканым и къуэдзэ IэнатIэхэм пэрытУ. Абы щригъэджащ Iэщщагъэхьэ зэ я щIэныгъэр щыхагъахьуэ институтым, педагогик э юлледжым, нэгъуэщIхэ эмэ. Геологие-минералогие щIэныгъэхэм я кандидат Вэрыкъуэ Владимир иджыпсту БгыльпатIэ геофизикэ институтым и щIэныгъэрыпхьажь нэхъыжьщ.

Нобэ ди редакцIэм и хьэщIэщ Вэрыкъуэ Владимир.

- Экспедицэм ущыхэтым, щэч хэмыль у, бгы, кьурш ку ядым фитащ. Фи лэжьыгъэр нэхъыбэу зытетэщIам дыщыбгъэгъу ззэну дыжьейт.

- Геологхэм я лэжьыгъэр куэду зэщхьэщокI. Ялыныкъу зкэм бгыр яубру, мыдрейхэм щытыкIэр, зэхэлыкIэр зэраубзаку Iэмэпсымэхэр яIагъэу мэпхьрыкIыжьэрэ, я кьэхутэныгъэхэм япкъ иткIэ картэхэр ящI. Сэ сызыютэр еIуанэ гулым хуэдэщ.

Диссертацэ зэрыстхар Къэбэрдей-Балькъэрым теухуауэр, ди щIыналъэм и лъагагъым, «абсолютная высота» жьауэтIэм, (хьим и лъагагъым и щIыналъэ ятауэ) Къэбэрдей-Балькъэрым куэдрэ зыщекъуэж. Ар метри 180-рэ фIэкIа щымыхьу щIыпIэхэр иIэщ. МыдэкIэ Iуащхьамахуи адрей къуршхэм я лъагагъым фыщыгъуазэщ. Иджы мис а лъагагъэм зыдащ щIыкIэу, псэ ущхьэж зиIэм кьэжьпхъэжьмэ зихьэж, абы ельытащ уэсучкхъуэ, псыдзэ жьыхуэтIэ насыпыншагъэхэр къэхьунри, нэгъуэщI куэди. Зи гугъу тщIы лъагагъым ар эрелыгтар, зэхьуэкIыныгъэу яIуэгъэр щызубзыхуащ си лэжьыгъэм.

- Къуэрэ кьохьу бгыр, кьуршыр кьыщыгъуэ, уэсучкхъуэ, псыдзэ (сель) кьыщIэж. Апхуэдэ насыпыншагъэхэр къэхьуныр щыхуэхэм а щIыпIэм деж щащIэ Iуэхугъуэ гъэрхэм кьыхэкIрэ?

- Сель жьыхуэтIэр бгым зыгуэр щыпщIэным ельытакъым. Кьуршым кьыгуэщI мывэхэр мыльпIэм куэду кьытощащэ, а зэтрикьам гъмахуэм деж ткIыуэ зкьыхэльадэ псыр хохьэжьри, кьожьэ. Ар «гляциальнэ сель» жьыхуэIэращ. Абы нэмыщIкIэ мыльпIи нэгъуэщI хэмыту уэшх кьешыкIэ зэхуихьэсу кьыщIех щыIэщ. Селым куэдрэ Iисраф ищIащ Тырныауэ кьаIэр. 2000 гъэм кьэжьуа насыпыншагъэм унэхэр зэтрикьутащ, цыхьу зыбжаки хэкIуэдащ.

Апхуэдэ насыпыншагъэт 2002 гъэм Ищхьэрэ Осетие - Аланием кьыщыхьуар. Мылрэ мывэрэ зэхэльу метр 4780-рэ и лъагагъым кьыщежьар - обвалкIэ дыдэжьэр - Колкэм и кIапэм къэхутехуэу кьыгуиуда псори и ГъусэУ кьыдэжьаргъэр насыпыншагъэшхуэр кьэзышар. Мылыльэм кьытехуа мывэмыл зэхэлыр метр 940-кIэ кьеху зкат. Зы сыхьэтым кьриубыдэу кьотежьар 200 гъэугъэнэ зэпызычым цыхьу 126-рэ хэфу здат. Уэхым кьыдэжу а мылыльэр нобэрэ тIыпи мывэмыл, псыдзэм кьигъэхуэ Саниба гуэлым унэу 25-рэ щихьумащ. ИльэситхУ дэкIарэ пэт языныкъуэ унэхэм я щхьэр иджыри тIэкIу фIэкIа кьышIэщыркъым. ИпэкIи а Колкэ дыдэр 1902 гъэм кьыгуэуауэ щытащ. Абы щыгъуэ цыхьу 36-рэ я зкIуэдат, мылыр ильэс 12-кIэ ткIуажэтэкьым. Апхуэдэ насыпыншагъэхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, машIэкьым.

- Дызэрыщыгъуаззщи, Бодров Сергей-нэхьыщIэр зыхэта съемочнэ гупыр абы хэкIуэдащ. Ягъэхьыбару щытащ абыхэм кьагъэсэбэпа пиротехникэм я насыпыншагъэр кьыщыуэ...

- Пэжыкъым. Ахэр зыщыпIи нэсакъым, ильэс зыбжанэкIэ зэтрихьа кьоьмэ кьыщежьэр абыхэм я лэжьэгъуэм ирихьэлIауэ аркъудейщ.

- Зы зэманкIэ узэIэбэжьыкъмэ, и гугъу ящIу щытащ зауэ Iуэхуэм тещыхьа Iэшэгу дрэхуэ бгыхэм щагъэнэ куу. Ахэр зэран хьунукъэ?

- Зэранышхуэ абыхэм кьыщзэрашэнум шэч льэпкъ хэлъкьым. Ауэ, насыпыншагъэ кьамыгъэхьун щхьэкIэ, лагъым щIалъхьуэрэ кьыгуэунэу хьэзыр ящыщагъажьэм и Iуэхуэр щхьэхуэщ.

- Бгыи тафи кьыззэхэпкIухьу щыщытакIэ, Владимир, уэ фIыуэ хэпщIыкIын хуейщ Къэбэрдей-Балькъэрым кьигъэсэбэпырыпу иIэ кьулеягъым...

- Ди щIыналъэм и цIыхухэр апэ дыдэу хэпIэжьын хуейр уэхуэнгъэсэбэпхэраш, Ар кьэштэн кьэдей фIэкIа кьыкхуэмыту диIэщ дз. Псалъэм и хьэтырКIэ, псыхьуэм дэль мывэр, пшахъ уэр. Ахэр Урысейм кьыщыбгъуэтын щхьэкIэ щыр метрищэкIэ епТIыкIэ е километр 300 - 400-кIэ кьэпшэн хуейщ. Апхуэдэщ сэхури, щыщдагъэри, мывэ лIэужьыгъуэ куэдхэри, псы кьабзэри.

- Iуащхьэмахуэ вулкан кьыщыуынкIэ щынагъуэ щыIэ, Владимир?

- Вулканхэр иджыри кьару зиIэрэ ужьхьужьажэр жиIэу егуэш. Тхьилъ гуэрым «мы ГъэмкIэ вулканыр кьиуауэ щытащ» жиIэу ятмэ, ар кьару зиIэу абж. Ужьхьужьажэ ябк в улканым ильэс мин дэкIа иужь кьиурэ щыпIэр Iисраф щызэтрищIэ кьэхуауэ. Ди щIыналъэм кьыщыщIэж псы пщтырхэр дэнэ кьыздикIыр? Ахэр зы кьэмынэу кьыщежьэр Iуащхьэмахуэ и пIытбжэрщ. Абы и лъащIэм лавэ жьыхуэтIэр кьынкъуэпыкIыу щыIэщ, ауэ зэкIэ зигъэхьейрыкIыми, ди Iуащхьэмахуэ ужьхьужьажэ добж.

- Iуащхьэмахуэм вулкан кьыщиауэ щыта зы зэман?

- Ахьейми. Ауэ вулканым насыпыншагъэшхуэ кьиушэм и мызакъ уэу, сэбэпи иэ хьу. Псалъэм папщIэ, туф, пепел жьыхуэIэхэр вулканырщ зи Iэужьыр. Ахэр, дызэрыщыгъуаззщи, ухуэныгъэхэм кьыщагъэсэбэп.

Псом нэхьрэ нэхьыщхьэр цыхуэхэр зыпэпчъыщу насыпыншагъэхэр, псыдзэ, уэсучкхъуэ хуэдэхэр, нэгъуэщIхэри кьэмыгъэхьуным елэжьынырщ. Ахэр кьыщыхьункIэ хьуну щыпIэмрэ зэманымрэ кьэпхутэн щхьэкIэ ахьшэшхуэ ухуейщ, ар дэ сытым джэн кьыдомащIэкI. Ауэ насыпыншагъэр кьэхуауэ иужь, хуей-хуэмейми, мылькыр кьагъуэт. Урыс эм зэрыжаIэщи, нэпсейм уасITI е.

- Ди республикэм щыр зэрыщыхьейм теухуауэ сыт жыпIэн?

- Къэбэрдей-Балькъэрым зззэмызэ щыр щыхьеят щхьэкIэ, дыщIэгъуэзэн щыIэу кьэслыитэркъым. Сэ сыкIэлъпоплъ ди щIыналъэм щIыр зэман-зэманкIэрэ зэрыщыхьеям, зэм щIыр куэд я хэкIащэ у, насыпыншагъэщхуэ кьихьу кьэхъуакъым. Тхьэм жиIэмэ, дяпэкIи кьэхъункъым.

Епсэльар

ИСТЕПАН Залинэщ.

Къудей Залым и дыщэ медаль

● Кикбоксинг

Иджыблагъэ Саратов къалэм щекIуэкIащ кикбоксингымкIэ Урысейм и Кубокыр къэхъыным теухуа зэхьэзэхуэ зэIуха. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-м кикбоксингымкIэ и федерацмрэ Урысейм Наркотикэм кIэлыплъымкIэ и федерал Iуэхущ Iапэм и управленэу Саратов областым щыIэмрэ, «Спортыр щIэпхьаджагъэмрэ наркотикымрэ и бийщэныфIащи зэпеуэм хэтащ Урысейм и спортсмен 600-м щIигъу.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и щIыхьыр Саратов щихьумащ УФ-м и ФСКН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и спецназым и прапорщик Къудей Залым.

Килограмм 75-рэ зи хьэлъагъэр зыхэт гупым щыбзна Залым зэIущIэ гугъу зыбжанэ иригъэкIащ. Спортсменым япэ зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр Первоуральск къикIа боксерыр кьыгтекIуэу нуахащ. Арщхьэкъ, Къудейм зыззщIикьуэжри ещанэ Iыхьэм и хьэрхуэрэгъуэ нокаутым игъэкIуащ. ЕтIуанэ зэIущIэр и кIэм нэмысу, ди щIалэр зэрефIэкIым кьыхэкIкъ, текIуэныгъэр кьратащ.

Зэхьэзэхуэм и кIэуэм Къудей Залым хуэзащ Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа спортсмен лъэрызехьэм. ЗэIущIэ гущIэм очко бжыгъэкIэ Къудейр щытекIуащ. Мыр щIалэм Урысейпсо зэхьэзэхуэхэм кьыщихьа япэ дыщэ медалщ.

Ипщэ Федерал щIыналъэм и командэ кьыхэхам хэт Къудей Залым ильэс 24-рэ мэхьу, илъэсыбгъу хуауэ кикбоксингым зыхуеГъасэ. А зэманым кьрибыдэу абы кьыхьащ ЮФФО-м щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и дыщэ медалрэ Урысейм и чемпионатым и жэз медалрэ. Залым зэхьэзэхуэхэм хуагъэхьэзыр Амщокъуэ Чэримрэ и къуэш Къудей Алимрэ. Иджы Залым кьыпэщылъщ Ипщэ Федерал щIыналъэм и чемпионатыр.

ДЫДЖЭ Арсен,
УФ-м Наркотикэм кIэлыплъымкIэ и федерал Iуэхущ Iапэм и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапэм и лэжьакIуэ.

● Хъуэхъу

Хьэрыш Эмиратхэм я къалащхьэ Дубай щыпсэу АфIэунэ Руслан и къуэ Анзор къыщатхуа махуэщ, и ныбжьыр ильэс 25-рэ ирокъу

Узыншагъэ быдэ уиIэу, гуфIэгъуэрэ насыпрэ уи куэду, уи кьэкIуэнкр щIэрашIэу, узыухьхьэм удекIуу, уи цIэр фыкIэ яIуатэу, узыщIэхъуэпсыр кьохьуIэу, уи пщIэмрэ уи щIыхьымрэ уи нэхьыжьхэр иригушхуэу Тхьэм кьэдрэ уигъэпсэу.

БИЩIОЛюнэ.

● Тэрч куейм

Зыхуэзфlэмыкlыхэм ядоlэпыкъу

ЗИ НЫБЖЬ хэкIуэтахэм, сабийхэм, псом хэмыдэу ныкьъэдыкьуагъ зыбгъэдэлъхэм хуаIэ гущIэгъэмрэ гулыпитэмрэщ жылагъуэм и зыужьыныгъэр кьыщэрапщытэр.

Зыхуэзфlэмыкlым дэIэпыкъунырщ мы махуэхэм Тэрч районым сабий творчествэмкIэ и фондым иригъэкIуэкIа зэIущIэр зытеухуауэ щытар.

Зэхуэсым хэтащ Тэрч къалэмрэ районымрэ я еджапIэхэм щIэс цIыкIуэхэр.

Сабийхэм ягъэлъэгъуащ я Iэдакъэ кьыщIэкIа лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр: щIалэ цIыкIуэхэм зэпкъралъхьащ езыхэм кьагупсыса кьухьалъатэхэр, хьыджэбз цIыкIуэхэм гуащIэхэмрэ дэлъ щатIэгъэну щыгъыныгъуэхэмрэ.

Зэхьыхьэ кьызэзыгупэща Белгушевэ Джульеттэ, Голадиев Эдуард, Къумыкъу Олесэ сымэ зэрыжаIэмкIэ, мыпхуэдэ Iуэхум и кьалэн нэхьыщхьэр ныкьъэдыкьуагъ зыбгъэдэлъ сабийхэр гъащIэм жыджэру хэгъэтэныпдж, ІэщIагъэ гуэрхэм дегъэхьэныкIыщ.

- Ныкьъэдыкьуэ цIыкIуэхэм яхэтщ зэчий зыбгъэдэлъхэр. Абыхэм я зэфIэкIымрэ дуней еплъыкIэмрэ гулытэ щхьэхуэ хуэтщIыныр ди кьалэнщ, - жаIэ гъэсакIуэхэм.

КIЭБЛЫЩIЭ Лилэ.

● Тэрч куейм

Зыхуэзфlэмыкlыхэм ядоlэпыкъу

ЗИ НЫБЖЬ хэкIуэтахэм, сабийхэм, псом хэмыдэу ныкьъэдыкьуагъ зыбгъэдэлъхэм хуаIэ гущIэгъэмрэ гулытэмрэщ жылагъуэм и зыужьыныгъэр кьыщэрапщытэр.

Зыхуэзфlэмыкlым дэIэпыкъунырщ мы махуэхэм Тэрч районым сабий творчествэмкIэ и фондым иригъэкIуэкIа зэIущIэр зытеухуауэ щытар.

Зэхуэсым хэтащ Тэрч къалэмрэ районымрэ я еджапIэхэм щIэс цIыкIуэхэр.

Сабийхэм ягъэлъэгъуащ я Iэдакъэ кьыщIэкIа лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр: щIалэ цIыкIуэхэм зэпкъралъхьащ езыхэм кьагупсыса кьухьалъатэхэр, хьыджэбз цIыкIуэхэм гуащIэхэмрэ дэлъ щатIэгъэну щыгъыныгъуэхэмрэ.

Зэхьыхьэ кьызэзыгупэща Белгушевэ Джульеттэ, Голадиев Эдуард, Къумыкъу Олесэ сымэ зэрыжаIэмкIэ, мыпхуэдэ Iуэхум и кьалэн нэхьыщхьэр ныкьъэдыкьуагъ зыбгъэдэлъ сабийхэр гъащIэм жыджэру хэгъэтэныпдж, ІэщIагъэ гуэрхэм дегъэхьэныкIыщ.

- Ныкьъэдыкьуэ цIыкIуэхэм яхэтщ зэчий зыбгъэдэлъхэр. Абыхэм я зэфIэкIымрэ дуней еплъыкIэмрэ гулытэ щхьэхуэ хуэтщIыныр ди кьалэнщ, - жаIэ гъэсакIуэхэм.

КIЭБЛЫЩIЭ Лилэ.

● Футбол

Тхьэмахуитl дэкlмэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм 2007 гъэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэр зэрихьрэ куэд мыщIами, командэхэр кьыкIэлыкIуэм йогупсыс.

«СПАРТАК-Налшыкым» хагъэхьэн мурадкIэ зыкIэлъыплъыну цIыху 30 дыгъэгъаззэм и 13-м кьрагъэблэгъэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэри, нэгъуэщI щIыпIэхэм кьрашахэри яхэту, ахэр занщIэу Тыркум кIуэнущ. Загъасэурэ икIи зэныбжьыгъуэ зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIыуэр абыхэм я зэфIэкIыр здынэсым тренерхэр тхьэмахуитIкIэ кIэлъыплъынущ. Налшык кьагъэззэкъ нужькIэ дэтхэнэми унафэ тращIыкьынущ - хэти кьагъэнэнущ, хэти ягуТIыпущ.

ИльэсщIэр кьрагъэхьа нужькIэщ «Спартак-Налшыкым» и юмандэ нэхьыщхьэм хэтхэр кьыщIэзэхуэсыжынур. Абыхэмэ япэ щIыкIэ зыщагъэсэнур Тыркуращ, нужькIэ ИспаниемкIэ кIуэну я мурадщ.

Филатовым Iэ тредзэ, Пилипчук зэкIэ мэгупсысэ

«Спартак-Налшыкым» гъэ кьакIуэ хэтынухэр хуэмурэ зэхэкI. Ди командэм адэкIи зэрыщыджэгунымкIэ Iэ тезыдзаэм мы мазхэм кьахэхьуэщ гъуащIхьэкъуэм Филатов Валентин.

«СПАРТАК-Налшыкым» хэту нэгъабэ джэгуэхэм ящыщу зэкIэ зи Iуэхур зэхэмыкIар гъуащхьэхъумэныкъуэ Пилипчук Сергей и закъуэщ. Абы и контрактыр нухащ, ауэ адэкIи зэдэлэжьынымтехуэа зэгурыIуэныгъэм лъэныкъуэхэм зэкIэ Iэ традзакъым.

«Спартак-Налшык» клубым кьыззэрыщыджаIамкIэ, Пилипчук и Iуэхур адэкIэ зэрыхьэнур дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу зэхэкIын хуейщ. Ауэ, и джэгукIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым тонджэгум щыдихьэхэр итхьэкъуащ икIи Пилипчукщ дн командэм щыщу топ нэхьыбэ дыдэ премьер-лигэм щыдэзыгъэкIар (нэгъабэ - 5, мы гъэм - 4).

Налшыкдэсхэм я япэ зэхуэсыгъуэм кьрихьэлIэну кьыщIэкIынукъым бдзэнэду яхэта Самсонов Олег, Роденков Юрий, Матич Дариан сымэ.

«Амисулашвили и Iуэхур» зэжъащIыж

Ди командэм и гъуащхьэ хъумэ Амисулашвили Александр щэкIуэгъуэм и 3-м Владивосток щрагъэблэнэ зэIущIэм нужькIэ бэлыхь зэрыхэхуам, куэд щыгъуазэщ. Иджы абы кIэ игъуэта хуэдэщ.

ВЛАДИВОСТОК и Фрунзе районым и прокуратурэм и следствэ къудамэм Амисулашвили ехьэлIа Iуэ ху къиIэтын идакъым, а щIыпIэм щыщ цIыхубзым лей ирихьыну хэтауэ кьыззэримыльытам кьыхэкIыну. Пэжщ, а унафэм и захуагъэм Урысей Федерацэм Прокурам щиIэ прокуратурэр иуэхуэ хоплъэж, ауэ ущIэгъуэвэн щыIэжу кьыщIэкIынукъым.

Иджыпсту куржы щIалэр и хэку щыIэжщ. «Спартак-Налшыкым» и адрей футболистэмэ хуэдэу, абы ИльэсщIэр и унагъуэм щыщригъэхьэнурэ, 2008 гъэм екIуэкIыну зэхьэзэхуэм зыхуитъэхьэзэрыну щIыщыпэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкIуэжынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● Дэ кьытхуатх

ХъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэ

Анэдэлъхубзэм нэхъ льапIэрэ нэхъ дахэр мы дунейпсом теу кьыщIэкIынкъым. Сэри ди бзэр сфIыпрыуэщ, сфIэкущIафIэщ. «Адыгэбзэкъ ди щIалэгъуэлэр псалъэркъым», - жаIэ. АтIэ ди адыгэбзэр сабийм Iуриыльхьэныр хэт зи кьалэныр, зи щIэ дахьыр? Зи бзэр фIыуэ зымыщIэхэм сахуэпхьадэну аракъым иджыпсту, атIэ апхуэдэ щытыкIэм и щхьэусыгъуэхэм теухуа си Iуэху еплъыкIэмкIэ сыдэгугъэпэну аращ.

ДЭТХЭНЭ анэдэлъхубзэм щIэблэм яIурылъхи щхьэкIэ, псом яп а бзэр унагъуэм кьыщагъэсэбэпу, абы щрипсалъэу щытын хуейщ. Абы нэмыщI лэжьапIэ IэнатIэм еджапIэми абы хуэфащэ увыпIэ щиIыгъыпхъэщ. Кьуажэдэсым, псом хэмыдэу адэшхуэ-анэшхуэм ябгъэдэсабийм и дежкIэ гугъуэхь льэпкъ пылъкъым и бзэм ирипсэлъэным. Ауэ кьалэм щыпсэуэхэм я Iуэхур нэгъуэщIщ. ИхьуреягъкIэ хамэбзэ зэрыщIэзэхахым нэмыщI, мащIэщ адыгэбзэкIэ щыпсалъэ унагъуэхэр. Абы кьыхэкIыу, зи щIалэгъуэхэм анэдэлъхубзэкIэ псэльэныр кьатохьэлъэ. Адэ-анэхэм куэд яхэтщ я сабийхэм анэдэлъхубзэр ямыджмэ нэхъ кьащтэу. «ЗыкIи сыхуейкъым адыгэбзэ си сабийм иджыну, абы сэбэпынагъэу кьищэм нэхъри гугъуехьу пылъыр нэхъыбэщ», - жызыIэ балигъэхэми сэ мызэмытIэу сриухьэлIащ. Куэд еджапIэхэм я унафэщIхэм апхуэдэ лъэIу тхыдэкIэ щIэхьэхьыурэ зыхуагъэзэрыр, ящыныкъуэ сабийхэр хуит ящI я анэдэлъхубзэр ямыдыжыну. Ар балигъэм я щыуагъэшхуэщ.

Зэманым зихъуэжащ, икIи урысыбзэр бзэуэ щыIэм яп э

● Школ хъыбархэр

Гъубжокъуэ Аринэ и дерс щхьэпэхэр

Налшык дэт курыт еджапIэ №27-м КъБР-м информатикэмкIэ и еджакIуэхэм я семинар щекIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭ щхьэпэр теухуат информатикэр щрагъэджкIэ, иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпыным Iуэхур нэхъ тынш зэрищIым. Апхуэдэ Iэмалхэр къэгъэсэбэпыным тепсэлъыхьащ 27-нэ школым информатикэр щезыгъэдж Гъубжокъуэ Аринэ. Семинарым и планым ипкъ иткIэ, информатикэмкIэ егъэджакIуэхэм дерс щхьэпэхэр ирагъэкIуэкIащ. А предметымкIэ яГъуэта щIэныгъэхэмкIэ ебланэ классхэм щеджэхэр зэпрагъэуащ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэмрэ компьютерым пыща Iуэхуэхэмрэ ныбжьыщIэхэм зэрафIэхьэлэмэтыр нэрылъагъут. Ахэр жыджэру, псори яфIэгъэщIэгъуэну Iуэхум пэрытт. КъекIуэлIа егъэджакIуэхэри иригуфIэрт сабийхэм апхуэдэ гукъыдэж зэрагъэм, щIэныгъэм хуэпабгъэу зэрыщытым.

Семинарым и кIэуэху, абы къекIуэлIа егъэджакIуэхэм «стол хьурей» ирагъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ иджырей зэманым информатикэм жылагъэм щиIэ мыхьэнэм хэпщIыкIыу зэрыхьэлъам, абы и лъэныкъуэкIэ сабийхэм гъэсэныгъэ куу ягъуэтын зэрыхуейм. Апхуэдэу егъэджакIуэхэр я Iуэху зехьэкIэмкIэ зэдэгущэщащ, иужь дыдэу кьыдэкIа тхыльхэм тепсэлъыхьащ.

КIУАЩ Хьэутий.

Сурэтым: Гъубжокъуэ Аринэ информатикэмкIэ дерс ирегъэкIуэкI.

Къудей Залым и медаль

ЗызззщIикьуэжри ещанэ Iыхьэм и хьэрхуэрэгъуэ нокаутым игъэкIуащ. ЕтIуанэ зэIущIэр и кIэм нэмысу, ди щIалэр зэрефIэкIым кьыхэкIкъ, текIуэныгъэр кьратащ.

Зэхьэзэхуэм и кIэуэм Къудей Залым хуэзащ Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа спортсмен лъэрызехьэм. ЗэIущIэ гущIэм очко бжыгъэкIэ Къудейр щытекIуащ. Мыр щIалэм Урысейпсо зэхьэзэхуэхэм кьыщихьа япэ дыщэ медалщ.

Ипщэ Федерал щIыналъэм и командэ кьыхэхам хэт Къудей Залым ильэс 24-рэ мэхьу, илъэсыбгъу хуауэ кикбоксингым зыхуеГъасэ. А зэманым кьрибыдэу абы кьыхьащ ЮФФО-м щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и дыщэ медалрэ Урысейм и чемпионатым и жэз медалрэ. Залым зэхьэзэхуэхэм хуагъэхьэзыр Амщокъуэ Чэримрэ и къуэш Къудей Алимрэ. Иджы Залым кьыпэщылъщ Ипщэ Федерал щIыналъэм и чемпионатыр.

ДЫДЖЭ Арсен,
УФ-м Наркотикэм кIэлыплъымкIэ и федерал Iуэхущ Iапэм и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапэм и лэжьакIуэ.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и МВД-м къелъыхъуэ!

Налшык къалэ округым и 1-нэ ОВД-м зэхегъэкI 2001 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 20-м «Сабий аттракционхэр» паркым кьыщагъуэта, фэбжь зытемылъ щIыхубзым и хьэдэр зихэтыр.

Гу зылъытапхъэ: и тепльэкIэ ильэс 35-40 мэхьу, см 150-рэ и льагагъщ, и щхьэщырфIыщIэ.

Абы щыгъащ: щIыхухъу джанэщхьэуэ, джинс кIэ щIыхьу, майкэ фIыщIэ, фэ Iэрыщ I фIыщIэм кьыхэщIыкIа вакъэ.

ЦIыхубзым НаникэкIэ еджэу щытащ.

Хэтми ямыщIэ щIыхубз хьэдэм теухуауэ зыгуэр фщIэмэ, фыкьэпсалъэ мы телефонхэмкIэ: 8 (8662) 740-733, 494-280, 02 е милицым и Iуэхущ Iапэ нэхъ фпэгъунэгъуэм.

* * *

Налшык къалэ округым и 1-нэ ОВД-м зэхегъэкI 2003 гъэм щыщыIэм и 2-м Налшык къалэ Калюжнэм и уэрамым щыIэ Къалэхъуэм кьыщагъэта цIыхухъуэм и хьэдэр зихэтыр.

Ар щIыIэм исащ.

Гу зылъытапхъэ: и тепльэкIэ ильэс 50-55-рэ мэхьу, см 170-рэ и льагагъщ, и щхьэр щIэщащ, нащхьэущ.

Абы щыгъащ: курткэ кхъуэщыныфэ, цIыхухъу джанэ зэпрыдз, кIэстумым пыт гъэншэджыщхьэ.

Бахьсэн районым щыщу, Виталий и цIэу закъригъэщIыхуу щытащ.

Хэтми ямыщIэ цIыхухъу хьэдэм теухуауэ зыгуэр фщIэмэ, фыкьэпсалъэ мы телефонхэмкIэ: 8 (8662) 495-699, 495-729, 02 е милицым и Iуэхущ Iапэ нэхъ фпэгъунэгъуэм.

* * *

Налшык къалэ округым и 3-нэ ОВД-м къелъыхъуэ **Крючков Геннадий Яков и къуэр,** 1955 гъэм щыщхьэIуэм и 28-м кьалъхуар, Налшык къалэ, Б.Хмельницкэм и уэрамым тет 33-нэ унэм хэт 8-нэ фэтрым щатхар, Краснодар крайм дзжьакIуэ кIуар. 2003 гъэ льандэрэ абы и хьэбар и ныбжьыр ящIэркъым.

Гу зылъытапхъэ: см 175-рэ хуэдизи льагагъщ, кьуэгъущ, и щхьэщыр сырыхущ.

Крючков Геннадий Яков и къуэм и хэщIапIэм щыгъуазэ щыIэмэ, фыкьэпсалъэ мы телефонхэмкIэ: 8 (8662) 495-699, 495-729, 02 е милицым и Iуэхущ Iапэ нэхъ фпэгъунэгъуэм.

Къэралкъэ Iуэхущ Iапэхэмкъэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапэм.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭМухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ныбжьэгъу), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Маринэ, Льостэн Музэ, Ныбжьи Танэ, Уэрдокъуэ Жаснурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

Iэдакъэм кьалэ.

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, еБгъуанэ - ещIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэмэ Iуэхущ Iапэ Iэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пикьмохэмкIэ - 42-22-88; еГъджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыщыха бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехьэхэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпхыгъ щыпхъуэ.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №41-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м Щыхабзэмрэ хьыбарегъащIэ ЗнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм ехъэхьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактор Уэрдокъуэ Женя, корректорхэр: Щодзэн Инн э (1,4-нэ нат.), Табыщ Динарэ (2,3-нэ нат.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъуэ Иуан Заирэ. КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ: ЩакIуэ Мадинэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, сурэтыщI Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн сыхьэт щыIэ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 10.045 • Заказ №3500